

GEGURITAN

Wangsulana lan analisisen unsur geguritan ing ngandhap menika!

Jagade Gonjang-Ganjing

Dening: Prembayun Miji Lestari, S.S.

Dak sebut jagade gonjang ganjing

Amarga akeh kang padha ora eling

Marang liyan, apa meneh marang sing gawe gesang

Wong gedhe padha jegal-jegalan

Rebutan panggonan lan panguasan

Ewadene wong cilik padha gedhungsangan

Golek pangan panguripan

Sing ndhuwur saya mulur

Sing ngisor saya thekor

Pancen jagade lagi gonjang-ganjing

Akeh kang padha ngedan

Yen ora edan padha ora keduman

Padha ndugang-dinugangan

Singkang-singkangan

Ilang rasa kamanungsan

Lumrahe wae Gusti paring samubarang pepeling

Maneka bebebdu lindhu, petir, angin, udan, ora uwis-uwis

Supaya manungsa padha eling

Kelompok :

Nama :

Gladhen

1. Tegesana tembung-tembung ing ngisor iki!

a. Jagad =

b. Pepeling =

c. Gesang =

2. Analisisen unsur kang mbangun geguritan “Jagade Gonjang-Ganjing” kasebut!

Unsur Fisik:

Unsur Batin:

3. Sebutna amanat kang ana ing sajroning geguritan “Jagade Gonjang-Ganjing”!

Wangsulan: